



Pou Piblikasyon Imedya: 13/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE LÒT ENVESTISMAN KAPITAL 37 MILYON DOLA  
POU SIPÒTE ÒGANIZASYON ATISTIK AK KILTIRÈL YO NAN SEREMONI  
INO GIRAL SANT ATISTIK PERELMAN LAN**

***Investisman pral bati sou 132 milyon dola nan sibvansyon kapital NYSCA yo te  
deja akòde an 2023***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a jiska 37 milyon dola nan finansman kapital ki disponib pou òganizasyon atistik ak kiltirèl atravè Fon Pwojè Kapital Konsèy sou Zèv Atistik Eta New York la. Fon an gen de kategori sibvansyon: Sibvansyon Kapital pou Amelyorasyon Piti ak Mwayen ak Sibvansyon Kapital pou Gwo Amelyorasyon. Investisman sa a bati sou prèske 132 milyon dola nan prim kapital NYSCA te fè nan kòmansman ane sa a, ki gen ladan nouvo finansman plizyè ane pou fasilite pwojè kapital a gran echèl ki priyore devlopman kominote a ak kreyasyon espas. Gouvènè Hochul te anonse nouvo finansman an nan eremoni inogiral pou Sant Atistik Perelman, yon nouvo espas atistik pou espektak ki gen twa sit klas mondyal ki te bati sou sit World Trade Center, nan Sid Manhattan.

"Sektè atistik ak kiltirèl New York la se yon engredyan kle nan kreyasyon espas, aktivite touris, ak ekonomi rejyonal nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè finansman ki pote transfòmasyon sa a, òganizasyon atistik ak kiltirèl nou yo ap konstwi yon avni ki pi solid, ki epanouyi lè yo kreye travay epi sèvi Nouyòk ak vizitè ki vin jwi tout sa nou genyen pou nou ofri yo."

Fon Pwojè Kapital NYSCA a pral sipòte enstitisyon atistik ak kiltirèl k ap chèche finansman Eta a pou investisman nan amelyorasyon kapital ki pèmèt òganizasyon yo soutni ak elaji pwogram kiltirèl pou divès piblik, ankouraje aksè ak dirabilite anviwònman an, prezève ak kreye travay, epi finalman kontribye nan kwasans sektè atistik ak touris New York yo.

De opòtinite yo se:

- **Sibvansyon Kapital pou Amelyorasyon Piti ak Mwayen pou Zèv Atistik ak Kilti:** Opòtinite sa a finance pwojè ak òganizasyon atistik ak kilti san bi likratif nenpòt gwosè, avèk sibvansyon jiska 2 milyon dola ki priyore aksè, zèv atistik, devlopman kiltirèl, dirabilite, sante ak sekirite, ak amelyorasyon estriktirèl ak istorik. 10,000 dola, 25,000 dola, ak 50,000 dola sibvansyon san fon kontrepati

disponib pou òganizasyon ki gen bidjè fonksyònman ki mwens ke 2 milyon dola. Pwojè solid yo konbine ekselans nan konsepsyon ak desizyon enfòmè sou kapasite òganizasyonèl ak bezwen kominote a ki pral afekte pozitivman avni òganizasyon atistik ak kiltirèl yo atravè New York.

- **Sibvansyon Kapital pou Gwo Amelyorasyon pou Zèv Atistik ak Kilti:** Opòtinite sou plizyè ane sa a pral sipòte enstitisyon zèv atistik ak kiltirèl atravè eta a k ap antreprann amelyorasyon kapital ki gen enpak epi a gran echèl. Sibvansyon an ap varye ant 2 milyon dola ak 10 milyon dola pou pwojè ki gen yon pri total 4 milyon dola oswa plis. Finansman sa a pral sipòte investisman pou pèmèt òganizasyon yo pwospere nan elaji pwogram kiltirèl, atenn nouvo odyans ak sa ki divèsifye, ak ankouraje aksè. Sibvansyon sa yo pral ede tou fè avanse objektif Eta a konsènan divèsite, ekite ak enklizyon epi yo pral mande pou tout aplikan yo angaje nan inisyativ ekite sosyal ak plan aksè ki sèvi tout Nouyòkè yo.

Pòtay aplikasyon an ak gid pou opòtinite sa yo ouvri kounye a, epi ou ka jwenn aksè sou sitwèb NYSCA, [arts.ny.gov](https://arts.ny.gov). Delè pou soumision aplikasyon ki ranpli a se 11 janvyè 2024. Yo ankouraje òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif nan Eta New York ki elijib yo pou yo aplike pou Fon Pwojè Kapital NYSCA a. NYSCA pral reyalize tou seminè sou entènèt sou pwosesis aplikasyon an epi òganize plizyè sesyon biwo vityèl pou aplikan yo resevwa asistans youn a youn anvan dat limit 11 janvyè 2024. Aplikan potansyèl ki enterese yo nan sipò pou Gwo Kapital yo ta dwe konsilte ak ekip Pwojè Kapital NYSCA pou asire ke pwojè yo ann akò ak priyorite pwogram yo anvan yo aplike.

Depi 2018, NYSCA te bay 302 sibvansyon kapital, ki totalize 182.5 milyon dola, atravè tout 10 rejyon eta yo atravè sipò Gouvènè a ak Lejislati a. Nan Ane Fiskal 23, yo te bay prèske 50% nan finansman pou òganizasyon ki gen bidjè 3 milyon dola oswa mwens. Pwojè sa yo ogmante kapasite travay epi fè avanse espas kiltirèl yo kòm destinasyon touris yo, ranfòse sektè ospitalite, alimantè ak bwason, ak vant an detay New York yo.

Anplis Fon Pwojè Kapital yo, NYSCA pral bay 90 milyon dola sibvansyon ki pa kapital bay òganizasyon atistik ak atis yo nan Ane Fiskal 24 la. Benefisyè sibvansyon sa yo pral anonse nan fen ane sivil la.

**Prezidan Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Katherine Nicholls, te deklare,** "Nan non anplwaye NYSCA, Konsèy ak kominote atistik ak kiltirèl nou an, nou remèsye Gouvènè Hochul ak Lejislatè Eta nou yo pou sipò istorik kontinyèl yo nan sektè atistik ak kiltrirèl New York la Pwojè finansman kapital yo gen gwo enpak atravè kreyasyon djòb, epi, lè yo solidifye fondasyon yo, elaji pòte òganizasyon yo ki sèvi yon ankraj nan kominote nou yo. Pwojè sa yo pral gen enpak sou jenerasyon k ap vini yo."

**Senatè Eta Jose Serrano te deklare,** "Mwen fyè dèske Eta New York rekonèt gwo enpak òganizasyon atistik ak kiltirèl yo genyen atravè eta nou an. Chak dola ki te investi nan zèv atistik ap pote gwo pwofi pou kominote nou yo, tankou aktivite touris,

edikasyon, djòb ak kreyasyon espas. Sipò kontinyèl sa a pral ede òganizasyon yo bay Nouyòkè avantaj atitik tanjib pou plizyè deseni."

**Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare,** "Pwojè finansman kapital yo plis pase yon sibvansyon. Yo se etensèl ki deklanche kreyativite ak kwasans nan sektè atistik New York la, pandan y ap ankouraje touris ak kreye travay. Kidonk, pandan fon Pwojè Kapital Ane Fiskal 2024 NYSCA a kòmanse, mwen pa ka tann pou m wè ki jan yo pral ranfòse plas New York kòm yon destinasyon kiltirèl prensipal pou vizitè yo atravè lemond."

### **Enfòmasyon sou Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik lan**

Misyon Konsèy Atistik Eta New York la se pou ankouraje ak fè avanse ansanm atizay kilti, ak kreyativite Eta New York pou tout moun. Pou sipòte rekipèrasyon zèv atistik k ap kontinye nan Eta New York, Konsèy Atistik la pral akòde 127 milyon dola nan Ane Fiskal 2024 la. Konsèy Atistik la fè kilti kreatif New York la pwogrese lè li atire lidè nan domèn nan epi bay opòtinite devlopman òganizasyonèl ak devlopman pwofesyonèl ak resous enfòmasyon. Kreye pa Gouvènè Nelson Rockefeller an 1960 epi kontinye avèk sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif Eta New York lan, Konsèy la se yon ajans ki fè pati Branch Ekzekitif la. Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite [www.arts.ny.gov](http://www.arts.ny.gov), epi swiv paj [Facebook](#), Twitter [@NYSCArts](#) ak Instagram [@NYSCouncilontheArts](#) NYSCA yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)